# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–02 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस सरकार दुरस्थ क्षेत्रन क लइकन के आधुनिक सिक्षा क संसाधन उपलब्ध करावे बदे ग्राम पंचायत स्तर पर डिजिटल लाइब्रेरी के स्थापना क फैसिला दिहले हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उच्चस्तरीय बइठकी में अधिकारियन के योजना क पहिला फेरा में प्रदेस क बाईस हजार सात सौ ग्राम पंचायतन में डिजिटल लाइब्रेरी स्थापित करे क निरदेस दिहले हवें। एकरे बाद प्रदेस क हर ग्राम पंचायत स्तर पर डिजिटल लाइब्रेरी क स्थापना कइल जाई। एकर उद्देस्य ग्रामीण क्षेत्रन में लइकन के आधुनिक सिक्षा संसाधन अउर डिजिटल युग के हिसाबि से सैक्षिक प्रगति के सुनिश्चित कइल हौ। ओहर एगो अउरियो फैसिला में प्रदेस सरकार अमृतधारा योजना में दुइ से दस गाय पाले पर दस लाखि रूपिया तक ले आसान सरतन पर ऋणों मुहैया करावे क तइयारी कइले हौ। योजना की ओरि से तीनि लाख रूपिया ले क अनुदान बदे कउनो गारंटरों क जरूरत नाही होई।

**********

निरवाचन आयोग ने फरिया के कहले हौ कि एक ही नम्बर क दुइ मतदाता फोटो पहिचान पत्र–ईपीआईसी क अर्थ ई नइखे कि पहिचान पत्र फरजी हौ चाहे मतदाता बोगस हौ। आयोग एगो बयान में ई बात कहले हौ। ऐह से पहिले मीडिया क खबरन में दुइ अलग–अलग राज्यन में मतदाता लोगिन क एक ही नम्बर क मतदाता फोटो पहिचान पत्र क मुद्दा उठल रहल। एगो रिपोर्ट.....

**आयोग ने स्पष्ट किया कि कुछ मतदाताओं के ईपीआईसी नंबर एक हो सकते हैं लेकिन जनसांख्यिकी, विधानसभा निर्वाचन क्षेत्र और मतदान केंद्र जैसा अन्य ब्यौरा अलग होता है। निर्वाचन आयोग ने कहा कि मतदाता जिस राज्य या केंद्रशासित प्रदेश की मतदाता सूची में नामांकित है, वहा वह अपने निर्वाचन क्षेत्र में निर्धारित मतदान केंद्र पर ही वोट डाल सकता है। इसके अलावा मतदाता कहीं और वोट नहीं डाल सकता।**

आयोग के हिसाबि से मतदाता सूची क डेटाबेस के एरोनेट प्लेटफार्म पर स्थानान्तरित करे से पहिले विकेन्द्रीकृत अउर मैनुअल इतिजाम के नाते अलगि–अलगि राज्यन अउर केन्द्र सासित प्रदेसन में कुछु मतदाता लोगिन के एक ही संख्या वाला मतदाता फोटो पहिचान पत्र आवंटित हो गइल रहल। कउनो तरह क आसंका के दूर बदे पंजिकृत मतदाता लोगिन के विसिष्ट ईपीआईसी नम्बर आवंटित करे क फइसिला लिहल गइल हौ।

**********

एगो नया अध्ययन के हिसाबि से पछिला दसक में देस में गरीबी में बिसेस कमी आइल हौ। प्रमुख अर्थशास्त्री सुरजीत एस. भल्ला अउर करण भसीन क प्रकासित आलेख में बरिस दुइ हजार बाइस– तेईस अउर बरिस दुइ हजार तेइस–चौबीस क हाले में जारि घरेलू खरचा के आंकड़ा क विश्लेषण कइल गइल। सर्वेक्षण क आंकड़ा से पता चले ला कि देस में गरीबी क स्तर में कमी आइल हौ। अध्ययन में दावा कइल गइल हौ कि देस में ढ़ेर गरीबी लगभग समाप्त हो चुकल हौ।

**********

कुशीनगर जिला क नेबुआ नौरंगिया विकास खण्ड क कौआसार में दस करोड़ रूपिया क लागत से नया बिजली उपकेन्द्र क निरमाण करावल जाई। स्थानीय विधायक विवेकानन्द पाण्डेय आजु ई जनकारी देत बतउलें कि प्रस्तावित उपकेन्द्र से लगभग पचास से बेसी गांवन के बिजुली क आपूर्ति कइल जाई।

**********

प्रयागराज महाकुंभ के नाते काशी विश्वनाथ मंदिर में मिले वाला तंदुल प्रसादो बिक्री क रेकार्ड तोड़ि रहल हौ। काशी विश्वनाथ मंदिर क मुख्य कार्यपालिका अधिकारी विश्व भूषण मिश्रा बतउलें कि महाकुंभ के नाते जनौरी अउर फरौरी में बिक्रय काउंटर के जरिया से कुलि एक हजार दुइ सौ सत्तर दसमलव तीनि छौ कुंतल तंदुल महाप्रसाद क बिक्रय भइल। ई आंकड़ा ई दरसावेला कि भक्त लोगि ऐह सुद्ध अउर पारंपरिक प्रसाद के बहुते सरधा अउर विस्वास के साथे प्राप्त कइले।

**********

जौनपुर जंक्सन से होके मुम्बई, सूरत, छपरा, प्रयागराज, रायबरेली जाए वाली पांच जोड़ी ट्रेनन के बहाल कई दिहल गइल हौ। ई ट्रेन अट्ठाइस फरौरी ले रद्द भइले से यात्रियन के परेसानी क सामना करे के पड़त रहल। महाकुंभ में कई मेला स्पेसल ट्रेनन क संचालन कइल जात रहल। भीड़ि के नियंत्रित करे बदे रेलवे की ओरि से जौनपुर होके जाये वाली पांच जोड़ी ट्रेनन के अट्ठारह फरौरी से अट्ठाईस फरौरी ले निरस्त कै दिहल गइल रहल। अब ऐह ट्रेनन क संचालन सुरू हो गइल हौ।

**********

रमजान क पवित्तर महीना आजु से सुरू हो गइल हौ। भिनसहरा मुस्लिम सुमदाय क लोगि सहरी कइले के बाद रोजा रक्खे क नियत कइलें। ओही संझा के सूरज डुबले के बाद अन्न अउर जल ग्रहण कइ के रोजा इफ्तार कइलें। एहसे पहिले काल्हि राति बड़हन संख्या में लोगि मस्जिदन में बिसेस नमाज तरावीह अदा करे पहुंचलें। रमजान इस्लामिक कैलेंडर क नौवा महीना हौ अउर महिन्ना के आखीर में ईद–उल–फितर मनावल जाला। खाड़ी देसन में आजु पवितर महिन्ना रमजान क दुसरा रोजा हौ। रमजान के लेके सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल गइल हौ।

**********